# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң «Улыўма орта билим бериў мәкемелеринде «Заманагөй мектеп» талаплары тийкарында жойбарын ислеп шығыў, келисиў ҳәмде қурылыс-оңлаў жумысларын қадағалаў туўрысындағы режесин тастыйықлаў ҳаққында»ғы қарарын орынлаў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң «Улыўма орта билим бериў мәкемелеринде «Заманагөй мектеп» талаплары тийкарында жойбар-сметаларын ислеп шығыў, келисиў ҳәмде қурылыс-оңлаў жумысларын қадағалаў туўрысындағы режесин тастыйықлаў ҳаққында»ғы 2020-жыл 31-декабрьдеги 832-санлы қарарын орынлаў бойынша Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 29-январьдағы 23-санлы буйрығын басшылыққа алыў ҳәм орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 29-январьдағы 23-санлы буйрығын басшылыққа алыў ҳәм орынланыўын тәмийинленсин.

2. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2020-жыл 31-декабрьдеги 832-санлы қарары менен тастыйықланған улыўма орта билим бериў мәкемелеринде «Заманагөй мектеп» талаплары тийкарында жойбарын ислеп шығыў, келисиў ҳәмде қурылыс-оңлаў жумысларын қадағалаў туўрысындағы режеде (кейинги орынларда Нызам деп жүритиледи) белгиленген ўазыйпалардың орынланыўын министр орынбасарлары, басқарма ҳәм бөлимлери, министрлик бойсыныўындағы шөлкемлер ҳәм мәкеме басшылары ҳәмде аймақлық басқармалар ҳәм бөлим баслықлары тәрепинен басшылыққа алынсын ҳәм орынлаыў ушын қабыл етилсин.

3. Халық билимлендириў мәкемелерин қурыў, оңлаў ҳәм үскенелеў, имарат ҳәм қурылмалардан пайдаланыўды муўапықластырыў, мәмлекет-жеке шерикшилик бөлими (И.Балтабаев)не:

буйырпашы шөлкемлер менен туўрыдан-туўры дүзилген шәртнамалар тийкарында жойбар-смета ҳүжжетлерине техникалық тапсырмаларының ислеп шығылыўы, кейинрек ислеп шығылған жойбар ҳүжжетлериниң келисиўи;

улыўма билим бериў объектлеринде қурылыс-оңлаў жумыслары

жуўмақланғаны туўрысындағы ескертиў берилгеннен соң буйыртпашы шөлкем, қурылыс-буйырпашы (жәрдемши буйырпашы) жойбаршы шөлкемлер ўәкиллери қатнасында орынланған жумыслардың жуўмағы қадағалаўын;

қадағалаў жуўмағы нәтийжесине көре анықланған кемшиликлерди сапластырыў имканы болмаған жағдайда, сыпатсыз ҳәм белгиленген талапларға сай келмеген жағдайда орынланған ҳәмде артықша көрсетилген қурылыс-оңлаў жумыслары баҳасын Экономика суды арқалы өндириў бойынша мүрәжатларын киритиў;

өндирилген қаржылардың 90 пайызы тийисли билимлендириў объектлеринде анықланған кемшиликлерди сапластырыў ушын бойсыныўға көре барлық районлық халық билимлендириў бөлимлериниң арнаўлы есап бетлерине, 10 пайызы Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы «Инжиниринг компаниясы» МУКның арнаўлы есап бетине хызметкерлерди хошаметлеў ҳәм материал-техникалық базасын беккемлеў илажларына жөнелтирилиўин әмелге асырылыўы тәмийинленсин.

4. Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжаатлар менен ислесиў бөлими (Қ.Бекбаулиев) усы буйрықты министрлик бөлимлери ҳәмде бойсыныўдағы барлық билимлендириў мәкемелерине толық жеткизилиўи тәмийинленсин.

5. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары А.Худайбергеновқа жүклетилсин.

**Министр** **Р.Реимов**

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

Нөкис қаласы,
2021-жыл «5» - Февраль
32 - санлы